

Jwenn kontak pou

Sèvis Prevansyon

Èske ou te konnen genyen sèvis gratis disponib pou fanmi yo?

Sèvis prevansyon yo gratis epi se sèlman si ou vle ou bezwen itilize yo. Objektif sèvis sa yo se pou kenbe fanmi yo ansanm.

Ou ka jwenn sipò ak:



Relasyon Familyal
& Sèvis pou Adolesan



Manje, Rad, ak
Bagay pou Kay



Edikasyon ak
Fòmasyon Travay



Sèvis Imigrasyon



Estrès, Sante, ak
Byennèt



Asistans Piblik

Sèvis yo disponib pou tout fanmi yo, kèlkeswa sitiyaasyon yo ak imigrasyon. Nou ofri sèvis yo lakay la epi nan plizyè lang.

Se òganizasyon kominotè ki ofri sèvis yo, se pa ACS.



Jwenn kontak pou
Sèvis

Rele 212-676-7667 oswa voye yon imèl bay OPTA@acs.nyc.gov pou pale ak yon espesyalis Sèvis Prevansyon pou yo mete ou an kontak ak pwogram prevansyon selon bezwen ou yo, kote ou abite, ak lang ou pale.

Ak ki moun ou menm ak fanmi ou pral travay?

Planifikatè Dosye yo ak fanmi ou pral travay ansanm pou kore byennèt fanmi ou. Planifikatè Dosye a ka ba ou referans nan plizyè sèvis pou satisfè bezwen fanmi ou yo. Yo ka gen lòt tit tankou konseye, terapet fanmi oswa travayè sosyal.

Reprezantan Fanmi ak Asistan Dosye yo kapab ede fanmi ou tou. Yo ka jwenn resous nan kominote a, patisipe nan reyinyon ak fanmi ou, epi reponn kesyon yo. Disponiblite yo varye selon pwogram nan. Yo ka gen lòt tit tankou Asistans Paran oswa Travayè sosyal pou Fanmi yo.



Planifikatè Dosye ak Reprezantan Paran yo travay pou òganizasyon kominotè, yo pa travay pou ACS.

Plan Sèvis



Rele 212-676-7667 oswa
voje yon imèl bay OPTA@acs.nyc.gov

Pale ak yon espesyalis sèvis prevansyon nan ACS pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram yo epi chwazi youn selon sa fanmi ou vle, kote nou abite, ak lang nou pale.



Kontakte yon Pwogram Prevansyon

Rele, vizite oswa voje yon imèl bay pwogram prevansyon an. Eksplike yo ki sèvis ou bezwen epi pwograme yon premye rankont.



Kòmanse Sèvis yo

Ou pral kontre ak yon Planifikatè Dosye pou pale sou objektif fanmi ou epi siyen kèk dokiman.



Resevwa Sèvis yo

Fanmi ou pral kontre ak Planifikatè Dosye a regilyèman pou travay pou reyalize objektif ou yo. Planifikatè Dosye a pral evalye sekirite timoun yo nan kay la tou. Ap gen omwen yon rankont pa mwa nan kay la. An jeneral, sèvis la dire 9 mwa.



Fini Sèvis yo

Oumenm ak Planifikatè Dosye ou pral detèmine kilè sèvis ou ap fini, jeneralman se lè nou reyalize objektif la. Ou ka toujou retounen pou sipò alavni.

Kisa fanmi yo te di sou Sèvis Prevansyon yo:

"Planifikatè dosye mwen an te la pou fanmi mwen nan tout etap yo. Li gen anpil konesans epi li konprann fanmi mwen byen. Mwen vrèman apresye li kòm planifikatè dosye mwen."
— Yon Papa, Flatbush

"Eksperyans sa a te ofri mwen plis pase m te imagine. Mwen vrèman kontan ak travayè sosyal m te genyen an. Li gen yon bon kè epi li komik. Mwen te apresye èd li anpil."
— Yon Manman, Harlem

"Travayè nou se **yon bon moun** epi li ede nou ak tout bagay lakay la. Nou apresye li anpil."
— Yon Manman, Flushing



Biwo Defans ACS

Èske ou gen pwoblèm ak sèvis w ap resevwa yo? Biwo Defans lan la pou ede ou. Defansè yo pataje enfòmasyon sou dwa fanmi yo epi yo abòde enkyetid yo.

Liy èd: (212) 676-9421

NYC Children